

BAB I

BUBUKA

1. 1 Kasang Tukang Masalah

Manusa nya éta mahluk anu ngabogaan akal jeung pikiran. Saluyu pisan jeung pamadegan Achmadi (1997:4) nétélakeun yén manusa moal leupas tina pamikiran nu ngahasilkeun opat patalékan ilmiah, nya éta *kumaha, ku naon, ka mana, jeung naon*. Mikir sacara jero tepi kana hakékat anu jadi dasar, atawa mikir sacara global kalayan ngagunakeun rupa-rupa puseur implengan élmu pangaweruh, mangrupa cara mikir dina palsapah (Achmadi, 1997:5). Palsapah sorangan nya éta usaha pikeun bisa maham kana rupa-rupa harti nu aya di dunya katut ajén-inajénna (Tim Dosen UGM, 1996:1). Prosés mikir masarakat ngeunaan kapercayaan, seni, moral, hukum, adat istiadat (kabiasaan) jeung sipat séjénna, ngawangun hal anyar anu disebut budaya.

Sakabéh hal anu diciptakeun ku manusa ngaliwatan prosés diajar, nepikeun ka bisa nyangking élmu pangaweruh pikeun nyieun hiji hal di sebut budaya (Koentjaraningrat, 1985:1). Istilah séjénna, budaya téh mangrupa sakabéh ciptaan manusa, jeung mangrupa fénoména-fénoména anu aya hubungan jeung kahirupanna (Kurdi, 1995:8). Salasahiji ciri has budaya di unggal daérah, di antarana upacara tradisi. Upacara tradisi téh aya sababaraha rupa, gumantung kana kabiasaan daérahna.

Budaya miboga ciri anu ngabédakeun antara budaya hiji daérah, atawa sélér bangsa jeung budaya séjénna. Hal ieu téh sakumaha anu ka unggel dina paribasa Sunda *Ciri sabumi, cara sadésa* nu hartina kabiasaan di unggal daérah béda-béda (Hidayat, 2005:208). Salasahiji nu ngabédakeunana téh di antarana kagiatan upacara tradisi. Upacara tradisi téh minangka bukti *kearifan* budaya, nu miboga ajén-inajén luhung dina runtuyan acara, kasang tukang, nepi ka alat-alat anu mangrupa bagian tina upacara tradisi. upacara tradisi tangtu miboga kasang tukang jeung ajén palsapah anu ngahaja dijieun tur di jeronan nyangkaruk makna nu luhung. jeung mangrupa identitas nu ngabédakeun hiji daérah jeung daérah séjénna. Jadi kalawan teu langsung salasahiji hasil tina pamikiran jeung budaya manusa nya éta ayana ajén palsapah.

Ajén nya éta dadasar tujuan jeung dijadikeun dadasar normatif anu dicangking tina hasil pamikiran spekulatif atawa atikan (Sumardjo, 1999:142). Sedengkeun palsapah nya éta kumpulan sagala pangaweruh (katuhanan, alam, jeung manusa) anu jadi poko panalungtikan (Rene Descartes dina Achmadi, 1994:3). Jadi ajén palsapah nya éta dadasar tina sagala hal anu jadi pangaweruh anu ditalungtik atawa hasil pamikiran.

Ajén palsapah urang Sunda, némbongkeun kahirupan urang Sunda sorangan anu ngagem kana kapercayaan jeung yakin kana ajén-inajén kasundaan. Ieu aya dina kahirupan masarakat Sunda ti jaman baheula, diwariskeun ku para sepuh ka turunanana lain ngan saukur mangrupa palengkep dina sawatara ritual wungkul, tapi miboga harti nu jembar. Ajén atawa harti ieu mangrupa warisan para sepuh dina jaman baheula pikeun turunanana dina ngalakonan kahirupan

sangkan teu méngpar tina jalan kahirupan anu bener. Sipat bener éta moal robah ku sabab hakékatna bebeneran jaman baheula teu béda jeung jaman ayeuna. Contona waé hormat tilawat ka saluhureun, nyaah ka sahandapeun, jeung ngajénan ka nu sapantaran. Hal ieu sacara teu langsung jadi pituduh tinu jadi kolot jaman baheula ka barudakna nu hirup dina jaman kiwari. Tapi wewengkon anu masih nyekel pageuh jeung apal kana ajén palsapah anu diwariskeun ku karuhuna kiwari kari saeutik. Ku ayana globalisasi jeung lobana budaya asing anu asup ka Tatar Sunda, geus mimiti ngarobah struktur masarakat Sunda.

Masarakat geus mopohokeun ajén-inajén kasundaan. Ka asup kana ajén palsapah upacara tradisi Sunda nu jadi ciri karakteristik budaya Sunda. Nilik kana situasi kiwari masarakat leuwih condong kana hal-hal anu sipatna rasional. Sedengkeun ajén palsapah upacara tradisional leuwih condong kana bentuk irrasional, anu teu ngajelaskeun kalawan langsung jeung teu nyampak kalayan gembheng. Tapi butuh pamikiran anu leuwih daria dina nimukeun hal anu rék ditepikeun dina tiap ajén palsapah anu aya. Balukarna katara dina robahna pamikiran sawatara masarakat kiwari, anu geus nganggap ajén palsapah dina upacara tradisi ngan saukur alat palengkep ritual jeung saukur miboga ajén magis anu ngahubungkeun alam manusa jeung alam goib. Kulantaran kitu, masarakat loba anu apriori nganggap pamikiran saperti kitu geus tinggaleun sarta ngansaukur mitos, moal aya pulungeunana pikeun dipaké dina mangsa kiwari. Hal ieu ngajadikeun ajén-inajén dina ajén palsapah upacara tradisi mimiti dianggap teu relevan geus teu kudu dipaké atawa teu kudu dipulasara deui. Padahal mun diguar leuwih jero, tinangtu masih loba ajén-inajén dina upacara tradisi Nyuguh.

Kukituna hal ieu kudu dipulasara salaku titinggal sepuh baheula pikeun bekel anak incu dina nyorang kahirupan mangsa kiwari jeung mangsa anu bakal datang. Sanajan dina buktina teu unggal wewengkon di tatar Sunda masih nyekel pageuh kana ajén palsapah Kasundaan.

Salasahiji wewengkon di Tatar Sunda anu masih nyekel pageuh kana warisan karuhunna, nya éta masarakat Kampung Kuta. Kampung Kuta téh mangrupa salasahiji kampung adat nu aya di Kacamatan Tambaksari Kabupatén Ciamis. Ajén palsapah anu masih di pulasara salasahijina aya dina upacara tradisi Nyuguh nu masih dilaksanakeun ku masarakat Kampung Kuta. Upacara tradisi Nyuguh ieu, kalawan rutin diayakeun sataun sakali dina unggal tanggal 25 Safar. Upacara tradisi Nyuguh mangrupa tradisi anu di jerona euyeub ku ajén palsapah.

Salasahiji cara anu ampuh pikeun ngawanohkeuna ngaliwatan jalur formal, dina transpormasi ide, saperti *kearifan* budaya Sunda. Tapi kurangna bahan pangajaran ngeunaan kabudayaan Sunda hususna ajén-inajén palsapah dina upacara tradisi ngabalukarkeun kurangna pangaweruh barudak minangka cikal bakal generasi nu baris neruskeun budaya Sunda.

Sakumaha anu geus dipedar saméméhna, yén dina wangun kabudayaan nyangkaruk ajén-inajén luhung anu can kaguar, anu mangrupa hasil tina pamikiran masarakat Sunda sarta bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

Geus aya sababaraha judul anu ngabahas perkara budaya di antarana:

- 1) *Budaya dina Kasenian Ronggeng Gunung di Kacamatan Padahérang Kabupatén Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (Ati Nursifa, 2011).*

- 2) *Fungsi Simbol dina Upacara Salametan Solok Cobleng di Kampung Cirateun Kacamatan Sukasari Kodya Bandung.*
(Ganjar Anoegrah, 2008)
- 3) *Ajén Sosiologis Kaulinan Tradisional di Desa Suka Tali Kacamatan Situraja Kabupaten Sumedang.*
(Dede Priana Putra, 2008).
- 4) *nu Nyampak dina Upacara Adat Sérén Taun di Désa Sirna Resmi Kecamatan Cisolok Kabupaten Sukabumi.*
(Nuning Restiani Winarti, 2010).
- 5) *Fungsi Ajén palsapah dina Upacara Tradisi Ruatan Bumi di Kampung Banceuy Kecamatan Ciater Kabupaten Subang.*
(Virida Sufia Haetami, 2011).

Tina sawatara judul panalungtikan di luhur, can aya anu ngaguar leuwih jero ngeunaan upacara tradisi Nyuguh di Kampung Kuta Désa Karang Paningal Kacamatan Tambaksari Kabupatén Ciamis, ti mimiti prak-prakan upacara, ajén palsapah dina tradisi Nyuguh, sarta ajén-inajén palsapah dina ajén palsapah upacara tradisi Nyuguh pikeun bahan pangajaran maca bahasan di *sekolah menengah atas* (SMA).

Ku kituna, jeung dumasar kasangtukung di luhur, ieu panalungtikan di-judulan *Ajén Palsapah dina Upacara Tradisi Nyuguh di Kampung Kuta Désa Karangpaningal Kacamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA.*

1. 2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang, masalah panalungtikan baris dipuseurkeun kana mutalaah, prak-prakan upacatar tradisi Nyuguh di Kampung Kuta, ajén palsapah dina upacara tradisi Nyuguh, sarta ajén palsapah dina upacara tradisi Nyuguh di Kampung Kuta pikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, masalah panalungtikannana dirumuskeun dina unggal kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha prak-prakannana upacara tradisi Nyuguh di Kampung Kuta?
- 2) Ajén palsapah naon waé nu aya dina upacara tradisi Nyuguh di Kampung Kuta?
- 3) Naha luyu atawa henteu ajén palsapah dina upacara tradisi Nyuguh di Kampung Kuta dijadikeun bahan pangajaran maca bahasan dina pelajaran basa Sunda di SMA?

1. 3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan anu baris dihontal dina ieu panalungtikan upacara tradisi Nyuguh di Kampung Kuta Désa Karangpaningal Kacamatan Tambaksari Kabupatén Ciamis ieu, nya éta pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) Prak-prakan upacara tradisi Nyuguh di Kampung Kuta Désa Karangpaningal Kacamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis.

- 2) Ajén palsapah nu aya dina upacara tradisi Nyuguh di Kampung Kuta Désa Karangpaningal Kacamatan Kacamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis.
- 3) Ajén palsapah dina upacara tradisi Nyuguh di Kampung Kuta pikeun dipakaitkeun jeung pangajaran basa Sunda di SMA.

1. 4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Teoritis

Panalungtikan ieu miboga mangpaat teoritis saperti ieu di handap, nya éta:

- 1) Bisa leuwih ngeuyeuban jeung leuwih ngagambarkeun sacara jéntré ngeunaan teori budaya.
- 2) Bisa leuwih ngeuyeuban jeung leuwih ngagambarkeun deui téori palsapah kabudayaan hususna kabudayaan Sunda.
- 3) Bisa leuwih ngeuyeuban jeung leuwih ngagambarkeun sacara jéntré ngeunaan ulikan teori semiotik kabudayaan Sunda.
- 4) Bisa leuwih ngeuyeuban jeung leuwih ngagambarkeun deui teori-teori dunya atikan, hususna bahan ajar basa Sunda di SMA.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Panalungtikan ieu miboga mangpaat praktis saperti ieu di handap, nya éta:

- 1) Masarakat Kampung Kuta bisa leuwih ngaraksa jeung ngariksa kana tradisi jeung kabudayaanna.
- 2) Bisa ngadeskripsikeun upacara tradisi nyuguh sangkan méré kabeungharan pangaweruh kabudayaan pikeun nu maca, sangkan ieu tradisi bakal terus nanjeur.

- 3) Pikeun nu maca bisa nyangkem ajén palsapah dina upacara tradisi Nyuguh, sarta ngaplikasikeun dina kahirupan sapopoé.
- 4) Bisa ngalengkepan bahan pangajaran basa Sunda di SMA anu tos aya, hususna pangajaran basa Sunda dina kaparigelan maca bahasan.

1. 5 Anggapan Dasar

Niténan wangenan di luhur, tétéla pisan yén anggapan dasar téh mangrupa tatapakan dina mikir pikeun ngaréngsékeun masalah anu baris ditalungtik.

Anggapan dasar nu jadi acuan nulisan ieu skripsi nya éta:

- 1) Upacara tradisi Nyuguh mangrupa hiji kabeungharan budaya bangsa.
- 2) Upacara tradisi Nyuguh mangrupa salasahiji bentuk upacara tradisi nu diayakeun ku masarakat kampung adat Kuta.
- 3) Runtuyan kagiatan upacara tradisi Nyuguh mangrupa ciri nu ngabédakeun kabudayaan masyarakat Kampung Kuta jeung kabudayaan liyana.
- 4) Adat istiadat jeung ajén-inajén urang Sunda kudu dimumulé tur dijaga sangkan terus nanjeur.

1. 6 Sistematika Penyusunan Skripsi

Gurat badag dina nyusun ieu skripsi kabagi jadi lima bab, anu bisa diwincik saperti di handa ieu.

BAB I Bubuka, anu diwengku ku genep sub judul nya éta : kasangtukang masalah, watesan masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan,

mangpaat panalungtikan, wagenan oprasional, rangkai teori, anggapan dasar jeung sistematika nyusun skripsi.

BAB II Tatapakan téori medar ngeunaan ajén palsapah, kabudayaan, sistem réligi, tradisi, nyuguh, semiotik, jeung bahan pangajaran.

BAB III Métodologi panalungtikan, dina bab ieu husus medar metode panalungtikan, téhnik panalungtikan, desain panalungtikan, instrumen panalungtikan, sumber data jeung léngkah-léngkah panalungtikan.

BAB IV Bahasan ajén palsapah dina upacara tradisi nyuguh jeung bahan pangajaran medar ngeunaan gambaran prak-prakan upacara tradisi Nyuguh di Kampung Kuta, ajén palsapah dina upacara tadisi Nyuguh di Kampung Kuta, jeung implikasi ajén palsapah dina upacara tradisi Nyuguh di Kampung Kuta pikeun bahan pangajaran maca bahasan dina pelajaran basa Sunda di SMA.

BAB V Kacindekan jeung saran, mangrupa bab pamungkas sarta gurat badag jeung intisari tina skripsi panalungtikan budaya. Bab ieu diwengku ku kacindekan, jeung saran.